

1. POU KISA SA ODYANS SA A ENPÒTAN?

Yon odyans te pwograme paske gen yon apèl ki depoze kont desizyon Depatman Revni te pran an. Òdonans Definitif ki pase nan odyans sa a pral ranplase detèminasyon ke yo te fè apèl kont li a. Lalwa prevwa sèlman yon nivo odyans Depatmantal. Pou pwoteje dwa w, ou ta dwe patisipe menm lè se yon lòt pati te depoze apèl la. Si ou pa ka patisipe jan randevou a pwograme a, imedyatman swiv enstriksyon ki nan Seksyon 9 lan pou mande pou chanje dat randevou a. Sinon, ou ka resevwa yon desizyon ki pa favorab. Yon reklaman ki patisipe nan yon odyans epi ki resevwa yon desizyon ki pa favorab ap gen pou remèt benefis asistans chomaj ke li pa ta dwe resevwa yo.

Prepare w pou prezante prèv sou tout zafè ki sou lis *Avi pou Odyans nan Telefòn lan*. **ÒDONANS DEFINITIF LA AP BAZE SÈLMAN SOU PRÈV KI NAN DOSYE ODYANS LAN.**

2. KIYÈS KI FÈ PATI APÈL LA?

Patisipan nan yon apèl espesyal enkli inite anplwa a (Petisyonè a), Depatman Opòtinite Ekonomik (Repondan an), ke Depatman Revni reprezante, ak nenpòt reklaman ke reklamasyon pou Asistans reyanplwa la ka afekte swivan rezilta apèl la (Pati Enplike yo). Lòt moun ka la kòm patisipan si abit espesyal la twouve sa nesesè.

3. KI SA KAP PASE SI MWEN PA PATISIPE NAN ODYANS LAN?

Si Petisyonè a pa patisipe nan odyans lan, abit espesyal la ap rekòmande pou yo rejte ka a. Si Petisyonè a prezante, yap fè odyans lan ansanm avèk pati ki prezan yo epi rezilta a ap baze sou done ki nan dosye odyans lan.

4. KI DWA MWEN GENYEN NAN ODAYANS LAN?

An tan ke pati, ou gen dwa pou:

- A. Temwanye pou gwòp tèt ou;
- B. Prezante dokiman ak lòt prèv enpòtan;
- C. Fè aranjman pou temwen ka temwaye;
- D. Kesyone lòt pati yo ak temwen yo;
- E. Eksplike oswa refite prèv;
- F. Fè yon deklarasyon nan fen odyans lan;
- G. Egzamine ak objèkte prèv ki prezante a.

5. KÒMAN MWEN KA FÈ ARANJMAN POU YON TEMWEN?

Avize temwen an epi fè aranjman pou temwen an prezan nan andwa kote wap ye pou odyans lan. Si temwen an pa ka prezan kote wap ye a, bay grefye abit espesyal la non temwen an ak nimewo telefòn temwen an bay la pou yo rele l pou odyans lan. Avize temwen an pou li disponib 10 minit avan lè odyans lan te pwograme a epi rete disponib pou jiskask abit espesyal la ranvwaye l. **Yon temwen ki ka pale de sa ke li wè ak de grenn zye l pi bon pase**

Yon kap prezante temwayaj sou sa ke li te tande nan bouch yon lòt moun.

Si w kwè yon pati posede yon dokiman ou ta vle prezante kòm yon prèv nan ka w la, kontakte pati a dirèkteman epi mande yon kopi dokiman an (yo). Aprè ou fin resevwa l, voye yon kopi bay abit espesyal la nan tout adrès ki endike sou *Avi pou Odyans nan Telefòn lan*. **Dokiman oswa afidavi ki kanpe pou kont yo, nòmalman se wi-di epi yo ensifizan pou pwouve yon ka, sòf si li satisfè egzijans legal ki tabli anba 443.151(4)(b)5., Lalwa Florid.** Si ou fè plan pou soumèt dokiman biznis kòm prèv, ou ta dwe tou prezante ak yon temwen ki ka verifye kilè ak kòman dosye sa yo te prepare ak garanti otantisite yo. *Aprè odyans lan fini, abit espesyal la pap ka aksepte okenn dokiman oswa prèv siplemantè.*

6. E SI YON TEMWEN REFIZE TEMWANYE?

Ou ka mande yon manda asinyasyon pou yon temwen ki refize temwaye volontèman. Si yon pati refize demann ou an pou bay kopi yon dokiman pou odyans lan, ou ka mande yon *subpoena duces tecum* pou dokiman an. Nenpòt demann pou manda asinyasyon dwe soumèt bay grefye abit espesyal la sifizamnan bonè avan dat odyans lan pou pèmèt ase tan pou yo delivre manda asinyasyon an avan odyans lan. Wap mete nan demann alekri a:

- ◆Nimewo dosye ki koresponn ak ka a;
- ◆Non ak adrès tout moun ki dwe jwenn yon manda asinyasyon; ak
- ◆Yon deskripsyon an detaye sou nenpòt dokiman ke temwen an dwe founi.

7. KÒMAN M KA PWOUE KE APÈL MWEN AN TE DEPOZE ALÈ?

Apèl la dwe depoze nan peryòd tan ki make sou detèminasyon an. Si dènye jou pou fè apèl la se yon Samdi, Dimanch, oswa jou ferye jan sa espesifye nan Seksyon 110.117, Lwa Florid yo, tan apèl la ap pwolonje pou yon lòt jou ouvrab (Lendi jiska Vandredi). Si sa sou lis zafè ki pral diskite nan dosye odyans lan, delè apèl la se premye kesyon abit espesyal la ap adrese. Si kesyon sou delè apèl la rezoud negativman kont petisyonè a, abit espesyal la ap ranvoye odyans la epi rekòmande pou yo rejte apèl la pou mank jiridiksyon. Si yo konsidere apèl la te alè, abit espesyal la ap kontinye odyans lan epi lap adrese rès zafè yo. **Lè ke delè apèl la se yon zafè pou diskite, moun ki aktyèlman te depoze apèl la se yon temwen enpòtan. Ka a va rejte san prèv konpetan sou kesyon delè.**

8. E SI MWEN TA SWETE RETIRE APÈL MWEN AN?

Petisyonè a ka voye yon demann pou retire apèl la atravè lapòs oswa faks nan Biwo Apèl la: Office of Appeals; PO Box 5250; Tallahassee FL 32399-5250. Mete sou demann

retrè a nimewo dosye a ak nimewo kont lan. Nan pifò sitiyasyon, yon apèl retrè pa kapab re-ouvè.

9. E SI MWEN PA KA PREZAN NAN YON ODYANS?

Abit espesyal la ap ranvwaye oswa kontinye yon odyans pou rezon valab sèlman ak si yo fè yon demann alekri avan odyans lan oswa oralman nan moman odyans lan. Si demann lan fèt avan odyans lan, abit espesyal la va konsidere demann lan epi li va imedyatman avize pati yo alekri sou desizyon an. Sòf si demann lan akòde, odyans lan ap kontinye jan li te pwograme a. Si ou te mande pou kontinyasyon an avan odyans lan, men ou pa resevwa yon repons ozanviwon dat odyans lan, ou dwe patisipe nan odyans lan kan menm epi prepare pou prezante ka w la.

Yon pati ki pa te kapab patisipe nan odyans lan pou rezon valab ka fè yon aplikasyon alekri pou mande pou yo refè odyans lan, se pou li endike an detay rezon ki fè li pat ka patisipe a. Si li prezante rezon valab epi demann lan te fèt nan kenz (15) jou aprè li fin resevwa Òdonans Rekòmande a, abit espesyal la ap anile Òdonans Rekòmande a epi lap reouvri apèl la. Nan odyans ki repwograme a, pati a pral oblije prezante prèv ki etabli rezon valab ki fè li pat patisipe nan odyans ki te fèt avan an. Rezon valab se sèlman rezon ki konvenkan ak ki gen nati nesesè, se pa konvanyans. Si yo pa jwenn rezon valab, abit la ap mete fen nan odyans lan epi lap retounen ak Òdonans Rekòmande a.

10. KI JAN DE PRÈV MWEN DWE BAY?

Pi bon kalite prèv, se temwanyaj yon moun ki te prezan lè bagay la te pase a epi ki ka reponn a kesyon espesifik sou sa ki te pase a. Chwazi temwen yo avèk swen pou asire ke prèv ki prezante yo konpetan.

11. MWEN KA FÈ JWENN AK FOUNI DOKIMAN YO?

Depatman Revni ap voye bay chak pati yon kopi sètifye tout dokiman ki nan dosye a konsènan ka a. **Pou yo ka konsidere lòt dokiman, ou dwe fè aranjman pou delivre kopi dokiman yo bay abit espesyal la ak chak adrès ki endike nan avi odyans la anvan dat odyans lan te pwograme a. Abit espesyal la pap ka konsidere dokiman ki pa disponib pou tout pati oswa reprezantan yo nan moman odyans lan, egzansyon absans.** Abit espesyal la va konsidere dokiman ki deja nan dosye a, sa yo ke l te resevwa avan oswa nan moman odyans lan. Pifò dokiman ak afidavi se wi-di epi yo ka itilize pou konplete oswa eksplike lòt prèv oswa pou sipòte yon konklizyon si li ta admisib sou yon objeksyon nan yon aksyon sivil. Yon anplwayè ki dwe konte sou dokiman dosye biznis li ta dwe prezante ak yon temwen ki ka temwaye kijan dokiman yo te prepare epi garanti otantisite yo. **Depi odyans lan fini, yo pap ka aksepte**

okenn lòt prèv siplemantè.

12. ESKE MWEN BEZWEN YON AVOKA?

Reprezantasyon pwofesyonèl nan odyans lan pa obligatwa. Byen si, se dwa w pou gen avoka oswa reprezantan otorize ki akonpaye w, reprezante w, oswa avize w, men se ou ki gen pou peye frè yo. Abit espesyal la dwe apwouve nenpòt frè reprezantasyon pou yon reklaman ki se yon pati enplike; Sepandan, se reklaman an ki dwe peye frè a.

13. E SI MWEN BEZWEN YON ENTÈPRÈT?

The Odyans lan ap fèt an Anglè. Ap gen entèprèt pou petisyonè a ak tout reklaman kap patisipe e ki endike ke lang matènèl you pa Anglè. Si yon Petisyonè oswa yon Patisipan bezwen yon entèprèt epi *Avi pou Odyans nan telefòn lan* pa endike ke yo fè arajman pou entèpretasyon, kontakte grefye abit espesyal la imedyatman pou avize l ki lang ki nesesè a pou aranjman ka fèt pou yon entèprèt. Nimewo telefòn grefye abit espesyal la ap nan *Avi pou Odyans nan telefòn lan*.

14. KIYÈS MWEN KA KONTAKTE POU ENFÒMASYON?

Biwo Apèl yo sou *Avi pou Odyans nan telefòn lan*, ansanm ak non, nimewo telefòn ak nimewo faks grefye abit espesyal la ke w ta dwe kontakte pou bay oswa resevwa enfòmasyon. Mete nimewo dosye a ak nimewo kont anplwayè sou tout korespondans.

15. KI SA PWOSEDI ODYANS YO YE?

Abit espesyal ki nome sou ka a pral:

- A. Eksplike zafè yo, objektif odyans lan, lòd temwayaj yo, ak lòt pwosedi yo;
- B. Idantifye dokiman li te resevwa nan men pati yo;
- C. Fè tout temwen yo prete sèman oswa afimasyon solanèl;
- D. Kesyone pati ak temwen yo pou li ka jwenn fè reyèl yo;
- E. Detèmine si temwayaj ak dokiman ki prezante yo dwe resevwa ak konsidere;
- F. Deside sou mosyon pati yo;
- G. Elektwonikman anrejistre odyans lan;
- H. Pran avi ofisyèl sou zafè ki byen etabli sou konesans komen ak dosye piblik;

- I. Anrejistre tout odyans lan an antye.

16. KI SA KAP PASE APRÈ ODYANS LAN?

* Nan lespas **15 jou** aprè odyans lan fini, pati konsène yo ka soumèt dokiman ki sou konstataasyon fè reyèl pwopoze yo ak konklizyon dapre lalwa yo. Sepandan, **yo pap ka aksepte okenn prèv siplemantè aprè odyans lan fini.**

Lè moman pou depoze fè reyèl pwopoze yo ak konklizyon yo ekspire, abit espesyal la ap prepare epi transmèt yon *Òdonans Rekòmande* bay Sekretè a, kap enkli pwopozisyon konstataasyon fè reyèl yo ak konklizyon abit espesyal la swivan lalwa ansanm avèk dosye pwosedi yo ak pwopozisyon fè reyèl ak konklizyon pati yo.

Yon pati ke *Òdonans Rekòmande* a aflije ka voye yon Eksepsyon alekri bay Sekretè a nan kenz (15) jou de dat *Òdonans Rekòmande* a te poste a.

Yon pati opoze ka depoze yon Kont-Eksepsyon nan dis (10) jou aprè eksepsyon an te fin poste.

Yon rezime Opozisyon sou Kont-Eksepsyon an ka depoze nan dis (10) jou aprè Eksepsyon an fin poste.

* **Ou dwe voye kopi tout korespondans ki endike nan seksyon sa a nan chak adrès ki sou *Avi pou Odyans nan Telefòn lan epi endike ke ou te voye kopi yo.***

17. ESKE LIMIT TAN AN KA PWOLONJE?

Yo ka akòde yon ekstansyon nan tan pou soumèt konstataasyon fè reyèl yo ak Konklizyon dapre lalwa, Kont-Eksepsyon, ak/oswa rezime, si yon aplikasyon pou ekstansyon tan, enkli rezon pou demann lan ak kantite tan ki nan demann lan ke abit espesyal la resevwa, alekri, avan dat ekspirasyon delè inisyal la.

18. KIYÈS KAP FÈ DESIZYON DEFINITIF LA?

Sekretè Depatman Opòtinite Ekonomik lan oswa reprezantan Sekretè a ap rann *Òdonans Definitif* lan epi voye yon kopi bay chak pati atravè lapòs sètifye.

19. E SI MWEN PA DAKÒ AVÈK ÒDONANS LAN?

Òdonans Sekretè a devni definitif lè delè pou chèche revizyon jidisyè a ekspire, toutfw a ke kalite revizyon sa a pat envoke. **Ou ka fè apèl *Òdonans Definitif* yo devan Tribinal Distrik pou Apèl yo.**

20. KI DIFERANS KI GENYEN ANT KONTRAKTÈ ENDEPANDAN AK ANPLWAYE?

Nan Cantor v. Cochran, 184 So.2d 173 (Fla. 1966), Lakou Siprèm Florid te adopte tès yo nan 1 Restatement of Law, Agency 2d Section 220 (1958) pou detèmine si yon relasyon anplwayè-anplwaye egziste. Me faktè pou konsidere yo:

- (1) Yon sèvitè se yon moun ki anplwaye pou rann yon lòt moun sèvis epi ki, nan pèfòmans sèvis yo, li anba kontwòl oswa dwa kontwòl lòt moun nan.
- (2) Nan mitan tout lòt yo, fè sa yo dwe konsidere:
 - (a) limit kontwòl la ki, dapre akò a, biznis lan ka egzèse sou detay travay yo;
 - (b) si travayè a egzèse yon pwofesyon oswa bizni distenk;
 - (c) si kalite travay la jeneralman fèt sou direksyon anplwayè oswa se yon espesyalis ki fè l san sipèvizyon;
 - (d) konpetans ki nesèsè yo;
 - (e) kiyès ki founi andwa travay la, zouti, ak materyèl yo;
 - (f) dire tan anplwa a;
 - (g) metòd peman yo;
 - (h) si travay la fè pati biznis regilye anplwayè a;
 - (i) si pati yo kwè ke relasyon an endepandan;
 - (j) si an tèt la ap travay nan biznis lan

21. KI KOTE MWEN KA JWENN PLIS ENFÒMASYON?

Ou ka jwenn enfòmasyon konsènan abit espesyal pou odyans yo, taks sou Asistans Reyaplwa, reklamasyon, ak apèl, sou entènèt nan <https://floridajobs.org/Reemployment-Assistance-Service-Center/reemployment-assistance/employers/file-an-appeal>.

An akò avèk Lwa sou Ameriken ki gen Andikap, moun ki bezwen aranjman espesyal pou patisipe nan yon odyans ka kontakte grefye abit la nan nimewo ki sou *Avi pou Odyans nan Telefòn lan omwen 5 jou avan odyans lan oswa atravè Sèvis Relè Florid la nan 1-800-955- 8770.*

Depatman Opòtinite Ekonomik Florid se yon ajans opòtinite egal, ki ofri tout moun opòtinite pou patisipe nan tout pwogram li yo ak antre nan konpetisyon anplwa yo nan tout domèn kèlkeswa ras, koulè, relijyon, sèks, orijin nasyonal, laj, andikap, oswa lòt faktè sou trè karaktè ak pèsonalite.

Rapèl Enpòtan

Nimewo telefòn: Avan odyans lan, ou dwe bay grefye abit espesyal la nimewo telefòn ou oswa non ak nimewo telefòn moun ki se kontak ou a pou yo telefone pou odyans lan. Si w pa fè sa, sa kapab lakòz yon desizyon negatif pran kont ou. Reklaman ki se pati enplike ka rele grefye abit espesyal la pou ba li enfòmasyon nimewo telefòn ou.

Temwen: Pou ka fè yon temwen temwaye nan telefòn, avize temwen an pou li prezan nan menm andwa avèk ou. (Gade seksyon 5 ak 6 pou plis enfòmasyon.)

Dosye Depatman Revni: Si ou pa resevwa yon kopi dosye Depatman Revni an omwen senk (5) jou avan odyans lan, kontakte grefye abit espesyal la pou fè aranjman pou yo ka poste yon dezyèm kopi pou ou.

Dokiman: Si ou vle ke dokiman yo antre kòm prèv, fè aranjman pou voye kopi dokiman yo bay abit espesyal la ak tout pati ki sou lis avi odyans lan avan dat odyans lan te pwograme a. **Abit espesyal la pap ka konsidere dokiman ki pa disponib pou tout pati oswa reprezantan yo nan moman odyans lan, egzansyon absans.**

Pèmisyon pou Anrejistre: Pou anrejistre odyans lan pou tèt ou, ou dwe jwenn pèmisyon pou anrejistre nan men tout patisipan yo ki nan odyans lan.

Ekipman Telefònik: Yon telefòn ki gen ekstansyon oswa yon telefòn ki gen opalè ap nesèsè si gen plis ke yon moun kap patisipe nan odyans nan telefòn lan si yap itilize menm nimewo telefòn lan. Yon pati ki pa gen aksè a yon telefòn apwopriye, dwe imedyatman telefone grefye abit espesyal la pou fè aranjman apwopriye. Si ou pa fè sa, ou kapab retade odyans lan.

BIWO APÈL YO ENDIKE SOU AVI ODYANS NAN TELEFÒN LAN

Bwochi sa a se pou enfòmasyon sèlman li ye epi li pa genyen tout efè konplè lalwa ak/oswa règleman yo.

Taks Asistans Reyaplwa Odyans Abit Espesyal



Enpòtan – Li sa Konnyea!

Bwochi sa a eksplike pwosesis odyans abit espesyal la avèk kòman pou prepare pou odyans ou a. Si ou toujou gen kesyon aprè ou fin li bwochi sa a, kontakte grefye abit la ke nimewo telefòn li figure sou *Avi pou Odyans nan Telefòn lan* oswa tcheke sit entènèt DEO a: <https://floridajobs.org/Reemployment-Assistance-Service-Center/reemployment-assistance/employers/file-an-appeal>

Abit espesyal yo dirije odyans ak zafè *Òdonans Rekòmande* ki gen rapò avèk taks, ranbousman, ak reklamasyon an matyè responsablite. Odyans yo fèt annakò avèk dispozisyon ki nan Chapit 120 ak 443, Lwa Florid, ak Règleman 73B-10, Kòd Administratif Florid. Yon *Avi pou Odyans nan Telefòn* ap poste bay tout pati yo omwens katòz (14) jou avan dat odyans lan te pwograme a epi li enkli, an pami lòt bagay, non abit espesyal la, non ak nimewo telefòn grefye abit espesyal la, dat ak lè odyans nan telefòn lan, andwa a si se yon odyans an pèsòn ki pwograme, ak zafè yo ki pral diskite devan abit espesyal la.

Avan odyans lan, bay grefye abit espesyal la non w ak nimewo telefòn ou oswa non ak nimewo telefòn moun ki pral reprezante w nan odyans lan. Se pou w gentan mete w disponib pou resevwa apèl telefonik lan omwen dis (10) minit avan lè odyans lan te pwograme a. **Kontakte grefye abit espesyal la nan nimewo ki sou *Avi pou Odyans nan Telefòn lan* si ou pa resevwa apèl telefònik lan nan dis (10) minit aprè lè odyans lan te pwograme a.**